

**POINTER SAMBUTAN PANEWU JETIS  
DALAM ACARA GELAR BUDAYA DAN UMKM KAPANEWON JETIS  
(Rabu-Kamis, 21-22 Agustus 2024)**

Assalamu'alaikum Wr.Wb

Dhumateng ngarsanipun....

Tamu undangan:

1. Paniradya Pati Kaistimewaan
2. Kepala Kundha Kabudayan DIY
3. Kepala Biro Tapem Setda DIY
4. Anggota DPRD Kabupaten Bantul
  - 1) Sukardiono, S.H.
  - 2) Dra. Ani Widayani, M.I.P
  - 3) Muhammad David
  - 4) Paidi, S.IP
  - 5) Saryanto
  - 6) Herry Fahamsyah, M.M, M.I.P
  - 7) Dwi Kristiantoro, S.T
  - 8) Suradal
5. \*\*Bupati Bantul Beserta Ibu
6. \*\*Wakil Bupati Bantul Beserta Ibu
7. Sekretaris Daerah Kabupaten Bantul
8. Asisten Pemerintahan & Kesra Setda Kabupaten Bantul
9. Kepala BAPPEDA Kabupaten Bantul
10. Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul
11. Kabag Organisasi Setda Kabupaten Bantul
12. Kabag Tapem Setda Kabupaten Bantul
13. Jajaran Forkompimkap Kap. Jetis (Panewu, Kapolsek, Danramil)
14. Kepala KUA Jetis
15. Kepala Puskesmas Jetis 1 saha Jetis 2
16. Lurah se Kapanewon jetis
17. Para lenggah kakung miwah putri ingkang boten saged kulo sebat setunggal setunggalipun ingkang bagya mulyo.

Langkung rumiyin keparenga kula ngaturaken puji miwah syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT Gusti Pangeran ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring taufiq, hidayah saha inayahipun, sahingga wonten ing kalenggahan punika kula saha panjenengan sedaya taksih dipun keparengaken pepanggihan ing

Pendopo Kapanewon Jetis puniko wonten ingadicara Gelar Budaya lan UMKM Kapanewon Jetis Tahun 2024.

Shalawat saha salam mugi katur dumateng junjungan nabi agung Muhammad Saw, sakkulowargo, sahabat, lumebetipun dumateng kula saha panjenengan sedaya mugi angsal syafa'atipun benjang wonten ing yaumul qiyamah. Aamiin.

Para tamu kakung sumawana putri Ingkang bagya mulyo

Ingkang sepisan kulo ngaturaken agunging panuwun dhumateng para bapak, para ibu, para lenggah sedaya ingkang sampun kersa rawuh wonten ingadicara Gelar Budaya lan UMKM Kapanewon Jetis.

Wonten ing wulan Agustus meniko kangege mengeti 12 Tahun Undang-Undang Kaistimewaan Yogyakarta sareng sareng Kapanewon se Kabupaten Bantul ngawontenaken Gelar Budaya lan UMKM wonten ing wilayah piyambak piyambak.

Ing acara kasebut, **Kapanewon Jetis nampilaken Gejog Lesung lan Tari** Tari saking Kalurahan Patalan, Jathilan Kudo Narpati saking Kalurahan Canden, Kesenian Tek-Tek dan Tari Tari saking Kalurahan Sumberagung, Reog Singo Aji Mataram saking Kalurahan Trimulyo, Kesenian Macapat saking Paguyuban Panji Rasas Budaya Binaan Kapanewon Jetis, Pentas Tari saking Putra Putri SDN Jetis, lan nyuguhake maneka produk UMKM unggulan kayata bathik nitik, jamu, maneka kerajinan lan panganan ingkang dipun damel masyarakat Kapanewon Jetis.

Wondene ancas miwah tujuanipun sakingadicara menika nun inggih:

1. Ngemutaken wontenipun keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta.
2. Pinongko wadah saha paring apresiasi dateng para pelaku UMKM kalian pelaku seni ingkang tujuanipun ugi kagem ningkataken kesejahteraan warga masyarakat ugi selaras kalian tema acara "*Mewujudkan Masyarakat Sejahtera dan Berbudaya*".
3. Kagem nguri uri kabudayan jawi supados tansah lestari lan ngremboko wonten ing masyarakat.

Para lenggah ingkang kulo hormati, mekaten ingkang saged kula aturaken kathah lepat kulo nyuwun agunging pangapunten,

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.